

RAPÒ SOU DWA TIMOUN

I. REZIME

1. Rapò sa baze sou dwa timoun an Ayiti. Ayiti genyen on popilasyon ki jèn anpil kote ke preske 50% popilasyon Aysisyèn nan gen mwens ke 18 an. Se vre ke gouvènman Ayisyen an, nan tèt ansanm ak patnè entènasyonal yo, fè kèk pa pou yo adrese pwoblèm sa yo ke nou mansyone nan rapò sa a; men, efò ke yo fè yo pa reponn ak kondisyon gravman grav sa yo. Rapò sa konsantre sou: Dwa timoun a lavi an palan de malnitrisyon, kolera, vaksinasyon; Dwa timoun a yon pwoteksyon espesyal kont trafik nan timoun, restavèk, vyolans seksyèl, epi pwoteksyon pou timoun ki andikape yo; Dwa timoun yo pou gen lojman; epi Timoun ki nan konfli avèk lalwa.
2. Anvan 12 Janvyè, yo te estime ke yo te kidnape oswa trafike 2,000 timoun an Ayiti chak ane; men, sa kondisyon pwoteksyon timoun nan peyi te vin deteryore anpil apre 12 Janvyè. Pami lokal detwi nan tranbleman tè a, te anpil lekòl nan Pòtoprens ak vil ki antoure li yo; anpil sant sante ak lopital. Kòm yon konsekans, kondisyon yo vin pi mal konsiderabman nan ane ki sot pase a. Sa vle di ke responsablite gouvènman pou pwoteje timoun yo vinn pi plis e gouvènman an dwe entansifye efò li pou aplike dwa entènasyonal timoun yo.

II. KAD JURIDIK AK ENSTITISYONÈL

3. Konstitisyon Ayiti a di: Leta gen obligasyon pou li garanti dwa a lavi, sante, ak respè pou moun pou tout sitwayen san distenksyon, dapre Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun. An plis, Konstitisyon an asire pwoteksyon pou tout timoun. Sou kesyon travay, lalwa preskri pi piti laj pou on moun genyen pou yo ka travay epi genyen lwa espesyal ki gouvènman timoun ki ap travay.
4. Lalwa entènasyonal sou dwa moun etabli nòm minimòm ke gouvènman yo sipoze etabli nan inisyativ pwoteksyon timoun ke yap pran. Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun mete sou plas nòm minimum, epi nòm say o repete nan lòt trete ke Ayiti te siyen. Trete tankou “Konvansyon sou dwa timou, Konvansyon pou Elimine tout fòm Diskriminasyon kont Fanm, Konvansyon sou dwa mou Andikape, Konstitisyon Òganizasyon Eta Damerik yo, Konvansyon Ameriken sou Dwa Moun. Trete entanasyonal sou dwa moun ke Ayiti siyen yo, depi Ayiti ratifye yo, yo fè pati de lwa peyi a, epi yo ranplase tout lòt lwa ki on konfli avèk yo.
5. Ayiti ratifye **Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun** ki gen pwoteksyon pou dwa timoun tou. Genyen gwo pwoblèm an Ayiti avèk timoun ki ap travay kay moun e mòd de pratik sa an konfli avèk Atik 4 de Deklarasyon dwa moun nan ki pwoteje tout moun kont nenpòt fòm esklavaj. Anplis de sa, anpil timoun an Ayiti pa gen batistè, ki vle di ke lalwa pa rekonèt yo kòm moun, e sa se vyole Atik 6 de Deklarasyon an. Youn nan lòt dwa ke nou ap konsantre sou li nan rapò sa, se dwa kont arestasyon abitè (Atik 9) ; Dwa a lojman (Atik 25) ki vin yon pi gwo pwoblèm apre goudougoudou ; Dwa a ledikasyon (Atik 26). Se vre ke Konstitisyon Peyi a garanti lekòl primè gratis

obligatwa pou tout pitit peyi a, men done yo estime ke sèlman 2/3 timoun nan peyi a ki fini lekòl primè, and on mwayèn ladan yo resevwa 2.6 ane edikasyon. Pou ajoute, yo estime ke 80% of pwofèsè lekòl pa gen diplòm pwofèsè nan men yo.

6. Ayiti ratifye ***Konvansyon pou Elimine tout Fòm Diskriminasyon Kont Fanm*** an 1981. Rekòmandasyon jeneral No. 19 afime ke Eta yo gen obligasyon pou yo fè tout dilijans pou yo anpeche, envestige ak pini zak vyolans ki baze sou fanm.
7. Ayiti ratifye ***Konvansyon Entènasyonal sou Dwa Timoun*** an 1995 [a legally binding instrument] men li pa siyen de pwotokòl ki akonpaye Konvansyon an. Atik 3 nan Konvansyon oblije tout Eta yo asire ke Enstitisyon yo, sèvis and espas reskonsab pou pran swen oubyen pwoteje timoun konfòme ak standa ke otorite konsène yo etabli, espesyalman sou kesyon sekirite, ak santé. Nan tout desizyon ki ap pran, priyorite se toujou pou fè sa ki nan pi bon enterè timoun yo. Lè gouvènman Ayisyen an te ratifye Konvansyon sila, li te dakò pou li pwoteje epi pou li asire dwa timoun. Li te dakò tou pou li te responsab devan kominote entènasyonal la.
8. Nan atik 34 de Konvansyon an, Ayiti dakò pou li antreprann pou li pwoteje timoun kont tout fòm ekplwatasyon seksyèl ak abi seksyèl e pou li pran tout mezi nasyonal, bilateral, mililateral pou anpeche ke yo inisyè oubyen fòse timoun patisipe nan aktivite seksyèl, ekplwatasyon timoun nan pwostitisyon, ak lòt pratik ki ilegal. Atik 35 di pou Eta yo pran mezi pou yo pwoteje timoun kont anlèvman, vant ak trafik timoun pou nenpòt ki rezon an.
9. ***Konvansyon sou Dwa Moun ki Andikape***: Ayiti ratifye Konvansyon sila ak pwotokòl la le 23 Jiyè 2009. Atik 3 di Prensip Konvansyon an se patisipasyon konplè ak enklizyon nan sosyete a; opòtinite egal ak tout moun; aksè. Nan atik 4, Eta yo antreprann pou yo adopte tout mezi ki apwopriye pou yo egzekite tout dwa yo ke yo rekonèt nan Konvansyon an.

III. PWOMOSYON AK PWOTEKSYON DWA MOUN NAN PEYI A

A. Dwa a lavi, Siviv Ak Devlopman

a. Dwa Lasante

10. Dwa Lasante a se yon dwa ki enpòtan e ki mansyone nan ***Konvansyon Sou Dwa Timoun, Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun ak nan Konvansyon Entènasyonal sou Dwa Ekonomik, Sosyal ak Kiltirèl (KEDESK)***. Anplis sou tik 4 nan Konvansyon sou Dwa Timoun nan, Atik 12.2 KEDESK lan oblije Eta yo pou yo fè pa pou yo amelyore santé timoun yo epi pou yo diminye mòtalite enfantil. Kòm Ayiti te ratifye Konvansyon sou Dwa Timoun yo, le fètke Ayiti pa ratifye KEDESK la pa elimine reskonsabilite gouvènman an pou li garanti timoun yo Dwa Lasante.
11. Ayiti ap lite depi kèk tan pou li bay timoun yo swen medikal ki apwopriye e paske peyi a pa genyen yon system santé piblik, timoun yo nan yon kondisyon ki pa stab

ditou. Anvan Tranbleman an, yo te estime ke 60% popilasyon Ayisyèn nan pa gen aksè ak dlo potab e 80% nan yo pat gen aksè ak on enstalasyon sanitè. Sitiyasyon Ayiti pa konparab ditou ak lòt peyi nan Emisfè lwès la. Majorite timoun nan peyi d' Ayiti pa gen aksè ak sanitasyon. An Mas 2006, UNICEF te pibliye yon rapò kote yo te twouve ke youn nan chak 14 timoun an Ayiti pa viv pou rive gen 1 an. Statistik sa pi mal pase tout lòt peyi nan zòn nan. Youn nan koz ki fè timoun yo ap mouri se paske yo pa vaksinen. Malnitrisyon se youn nan bagay ke anpil timoun soufri e se yon maladi povrete (1/4 timoun ki gen mwens ke 5 an soufri malnitrisyon). Anvan tranbleman an, yo te estime ke 16% de timoun mwen de 5an mouri ak djare. Statistik sa ap vin pi mal si gouvènman an pa pran mezi agresif pou bati on sistèm enfrastrikti pou dlo ak sanitasyon. Sa ki vin agrave sitiyasyon an, sè ke tranbleman an domaje sistèm elektrik, dlo, ak sanitasyon peyi a, destriksyon sa te vin kreye yon enòm risk sou sijè sante. An Oktòb 2010, risk sa a te vin tounen on katastwòf lè epidemi Kolera te frape Ayiti. Kolera enfekte 215,936 moun epi li touye 4,131 moun.

12. Menm anvan tranbleman an, leta Ayisyen pat vrèman gen yon repons ki te kapab konbat malnitrisyon an. Malnitrisyon afekte devlopman timoun nan, ki li menm afekte kapasite pou aprann timoun, ki finalman afekte timounk jiskake li rive granmoun. Sa vle di ke gouvènman an sipoze agresif pou li konbat pwoblèm sa yo, malgre ke gouvènman an pa gen anpil resous. Pou fè fas a kolera a, MSPP kowopere anpil ak lòt òganizasyon tankou MSF, Zanmi Lasante pou yo te ouvri anpil sant sante pou yo konbat kolera nan tout kwen nan peyi a. Anplis, yo pase anpil spot nan radio ki pou edike moun yo sou kesyon kolera a. Men, nonb de moun ki mouri ak kolera montre ke repons lan pat sifi. Plis ka mouri si gouvènman an pa pran o serye pwoblèm sanitasyon nan peyi a. Timoun pòv, menm jan ak tout lòt timoun bezwen aksè a sèvis medikal, dlo potab ak manje pou konbat malnitrisyon ak mòtalite.

b. Dwa Lojman

13. Dwa Lojman se on dwa ki marye ak dwa e byennèt timoun. Preske yon lane aprè tranbleman ki te lakòz 1.5 milyon vin sanzabri, mank aksè a lojman adekwat kontinye afekte sekirite, sante fizik ak moral timoun yo. Nan yon rapò ke UNICEF te pibliye pou anivèsè tranbleman an, yo te estime ke 380,000 timoun toujou deplase e ap viv nan 1,200 tant kan ki genyen nan peyi a. Gen anpil sitiyasyon kote mèt tè yo mete moun yo deyò avèk fòs nan kan deplase entèn yo. Eskpilsyon fòse sa yo plis afekte timoun ak lòt gwoup vilnerab. Gen omwen ¼ nan deplase entèn yo, apeprè 233,941 moun enkli timoun piti, manman pitit san papa ke se swa yo déjà mete deyò nan kan yo oubyen nan risk pou yo mete yo deyò. Pwopriyetè yo souvan anplwaye fòs pou bay presyon pou moun yo ka kite kan yo. Sa rann ke timoun yo ki nan kan sa yo ak tout fanmi yo sibi anpil abi ensètitud konsènan kote yo ap viv la. Ekspilsyon fòse rann ke fanmi yo separe, kominote yo brize, brize anpil strikti sekirite pou timoun yo ke yo bezwen aprè yon dezast.
14. Pwosedi Sivil Ayisyen etabli yon pwosesis ki rele Aksyon Pwosewa, ke yo dwe sòlve jij de pè a, majorite ekspilsyon yo fè an deyò lajistis, epi ajans entènasyonal ki

patisipe nan pwosesis la pa fasil pou yo mete presyon oswa mande pou pwopriyete yo itilize sistèm legal la. Nòm Entènasyonal Dwa Moun yo tou pwoteje deplase entèn yo kont degèpisman. Anplis yon seri trete dwa moun ki pwoteje dwa a lojman apwopriye, Gid Prensip Nasyonzini sou Deplasman Entèn genyen yon kantite pwoteksyon règlemantè ki dwe rive anvan yon degèpisman, ki enkli konsiltasyon ak moun ki afekte, avèstisman rezonab, ak komunikasyon detaye konsènan pwosesis la. Lavi anba tant se deja yon vyolans dwa timoun a lojman, men lè yo mete fanmi say o deyò, e yo pa gen lòt kote pou yo ale, timoun yo vin pi vilnerab, e yo pi fasil abize oswa trafike yo. Fòk gouvènman fè'l yon priyorite pou retire fanmi yo aba tant yo, epi garanti dwa timoun yo a lojman.

c. Dwa Ledikasyon

15. Konstitisyon Ayiti a garanti tout endividi dwa spesifik a ledikasyon. Men malgre sa a, yo estime ke de tyè (2/3) sèlman nan timoun ayisyen konplete edikasyon primè. Anplis, yo estime ke prèske 80% nan pwofesè yo pa genyen diplòm nan ansèyman. Sistèm edikasyon Ayiti a fè pati youn nan system nan mond lan ki pi privatize, avèk sèlman 8% nan lekòl ayisyen finanse pa Leta. Souvan, lekòl yo ajoute on pakèt frè pou fanmi yo peye, e 92% lekòl nan peyi a se lekòl prive ke paran yo oblije peye.
16. Sèlman 55% timoun ki gen laj pou ale nan lekòl prime ki ale lekòl an Ayiti e sa se paske lekòl yo twò chè. Menm sa ki ale lekòl yo, Selman 1/3 ladan rive jiska senkyèm (5eme) ane. Apre lekòl primè, elèv sipoze ale nan lekòl segondè, men malerezman bagay yo pa pi bon nan lekòl segondè. An 2007 nan yon papyè Strateji gouvènman an te pibliye sou timoun ki te ale lekòl an 2004, sèlman 67% ladan yo te ale nan lekòl segondè. Epi se 4 pousan nan timoun ki andikape yo sèlman ki ale lekòl.
17. Edikasyon pou paran Ayisyen se youn nan pi bon kado ke yo ka fè pitit yo. Men malerezman, edikasyon se yon liks ke majorite paran an Ayiti pa ka ofri pitit yo paske pifò lekòl nan peyi a se lekòl prive. Kontrèman ak paran yo, edikasyon pa sanble yon priyorite pou Leta Ayisyen, se sak fè se sèlman 53% nan popilasyon Ayisyen an ki konn li ak ekri. Nonb sa a piti an Ayiti ke lòt peyi nan zòn nan.

B. Dwa a Pwoteksyon Kon Enfliyans Negativ, Abi ak Eksplwatasyon

a. Trafik Timoun

18. Lwa entènasyonal espesyalman egzije pou pati Eta CRC a pran mezi pou yo konbat kont transfè ilisit timoun ki aletranje. Pou satisfè egzijans sa a, pati leta yo dwe adopte akò bilateral ak multilateral pou anpeche trafik timoun yo. Atik 35 nan CRC a oblije pati Leta yo pou yo pwoteje timoun kont anlèvman ak trafik. Menmsi ke Ayiti te siyen CRC a depi 1997, Palman ayisyen poko janm adopte yon kòd sou dwa timoun ki pral aplike dispozisyon ki nan CRC an.

19. Aprè 12 janvyen, tout sektè nan sosyete Ayisyen an te frape, timoun yo espesyalman. Pa egzanp, aprè tranbleman an, dirijan Asyisyen yo te keben 10 Misyone Meriken ki tap eseye travèse fwontyè Ayiti-Sen Domeng lan avèk 33 timoun san oken dokiman pou timoun yo. Aprè ensidan sa a, IBESR (byen et sosyal) te plase timoun yo nan Vilaj Danfan SOS ki nan zòn Santo. Jounen jodya, tout 33 timoun yo reyini avèk fanmi yo. IBESR an kolaborasyon ak UNICEF ak Òganizasyon Eta Ameriken yo ke Ayiti se fè pati, te kreye yon kanpay sivil enskripsyon nan tout kwen peyi a ki te konsantre sou timoun yo k ap viv nan enstitisyon ak kan yo ki nan tout kwen peyi a.
20. Brigad pou Pwoteksyon Minè (PBM) te fòme an 2003, se yon inite espesyalize nan PNH la. Inite sa a mal finansye epi li pa genyen anpil resous imèn. Misyone PBM konsiste de anpeche delenkans jiveni, mennen ankèt lè timoun yo viktim tankou, vyolans seksyèl, abi, ak eksplwatasyon elatriye. Brigad la gen yon manda tou po li pwoteje entegrite fizik ak sikolojik timoun yo. "Depi UNICEF te kòmanse finance BPM la an Avril 2010, yo te idantifye 8,000 timoun kite vilnerab anpil nan kan yo. Nan sèt mil (7,000) timoun ke BPM te jwen kite pase sou fwontyè a, mil katsan (1,400) pa gen papye legal pou yo travèse fwontyè a. Yo te arete trant senk (35) moun ke yo te sispèk ki gen rapò ak kidnapin men anba lejislasyon kounye a, pa gen okenn lwa kont trafike timoun nan peyi.
21. Se vre ke mete BPM sou pye se yon etap pozitif, BPM, pa gen ase resous imen e materyèl pou fè travay la. Anplis, fwontyè Ayiti/Sen Domeng lan pa byen pwoteje ki vin pèmèt ke yo trafike anpil timoun sot Ayiti ale Sen Domeng. Piske CRC an se yon enstriman legal obligatwa, si Ayiti pa bay pwoteksyon pou timoun yo kont aktivite seksyèl ilegal fòse, se yon vyolasyon obligasyon entènasyonal ke Ayiti te siyen.

b. Vyoloans Seksyèl

22. Pami on pakèt lòt pwoblèm tifi nan peyi a ap sibi, kadejak se youn nan zak ki pi difisil pou konbat. An Ayiti, yo te toujou sèvi ak Kadejak kont fanm ak tifi kòm yon zouti politik. Kadejak kont fanm an jeneral ogmante menm anvan tranbleman tè a kote kadejak kont tifi konte pou plis ke 50% nan kadejak ke yo anrejistre nan peyi a. ONG ki travay sou sijè sa yo rapòte ke ka vyolans seksyèl an 2008 ogmante 40 pousan, de 1,100 ka pou lane 2007 1,600 ka pou lane 2008 la. Se vre ke pa genyen chif ofisyèl, men lè nou pale avèk òganizasyon de baz ki ap travay nan kan yo avèn deplase entèn yo, chij pa yo demontre ke vyolans seksyèl kont fanm ak tifi ogmante anpil depi aprè tranbleman an.
23. Atik 34 CRC a di ke gouvènman yo antrepann pou yo pwoteje timoun yo kont eksplwatasyon seksyèl ak abi seksyèl. Yo ta dwe pran mezi apwopriye pou anpeche: (1) mete presyon sou timoun pou fòse yo fè aktivite seksyèl ilegal; (2) eksplwatasyon timoun ki nan pwostitisyon. Nan ane ki sot pase yo, gouvènman Ayisyen an te pran plizyè pa pou adrese pwoblèm vyolans kont fanm ak fi. Pa egzanp, Ministè Zafè Fanm nan kolaborasyon ak inite nan MINUSTAH ki travay sou Dwa Fanm te mete

ann aplikasyon yon Plan Nasyonal pou Konbat vyolans kont fanm depi 2006. Sepandan, mezi sa yo pa ala wotè pwoblèm yo, sitou sou sijè pwoteksyon pou tifi. Pou jan pwoblèm sa a ap ravaje nan kan, gouvènman an fè zewo bare nan sou pwoteksyon kont vyolans seksyèl.

24. Lè nou pale ak òganizasyon de baz sou dwa fanm ak fi, yo endike ke kantite vyolans seksyèl sou tifi double pou mwa Janvye 2011 la, lè yo konpare ak done pou lane 2010 lan. Òganizasyon de baz sa yo te endike Ministè Konsidyon Fanm nan manke kowopere ak òganizasyon kap travay avèk tifi ki viktim vyolan seksyèl nan zòn ki pi pòv nan peyi a. Anplis, manm Komisyon Fanm Viktim pou Viktim (KOFIV) yo te eksprime fristrasyon yo ak lapolis ayisyen nan echèk yo lè yo refize mennen ankèt sou plent viktim yo. Youn nan pwoblèm grav ki genyen nan lit kont vyolans sou tifi, se absans Polis Nasyonal Ayiti lè pou yo ta fè patwouy, espesyalman patwouy lannwit. Gwoup yo rapòte ka kote ke lapolis mande viktim yo pou yo pote kadejakè a bay lapolis, olye ke se lapolis ki al fè travay li, chèche kadejakè a. Paske Ayiti manke yon sistèm legal ki efikas, kadejakè yo souvan lage san jije, paske vye investigasyon tèt anban yo paka parèt devan lajistis. Anplis, lè sa gen pou li wè ak vyolans seksyèl ak domestik, otorite jidisyè nan peyi a souvan pa konprann jan krim sa yo grav e souvan yo jis lage kadejakè yo. Polisye yo bezwen plis fòmasyon pou yo konnen kijan pou yo envestige ka yo, e pou yo konprann jan kadejak se yon bagay ki serye e ki sansib.

c. Timoun Andikape

25. Tranbleman ki te pase 12 Janvye a, fè Ayiti ap fè fas ak on gwo kantite moun ki gen enfim fizik, genyen anpil timoun ki fè pati popilasyon enfim sa a. Andikap Entansyon, yon òganizasyon Mondyal ki konsantre yo sou travay ak enfim, estime ke ant 2,000 ak 4,000 moun te gen omwen yon bra osnon pye yo koupe nan jou aprè tranbleman an. Se sak fè, patnè entènasyonal yo souliyen ke fòk yo pa bliye andikape pandan peryòd ijans lan, ni pandan peryòd rekonstriksyon peyi a. Atik 23.3 oblije gouvènman yo pou yo pran tout aksyon ki nesèsè pou yo anpeche abandon, neglijan and separasyon timoun ki enfim pandan yap founi edikasyon, enfòmasyon, sèvis ak sipò pou timoun ki enfim ak tout fanmi yo.
26. An 2009, Nasyon zini te estime ke gen 2 san mil (200,000) timoun an Ayiti ki gen on enfim mantal oswa fizik. Paran anpil nan timoun sa yo abandone yo paske li koute plis kòb pou yo pran swen timoun sa yo, men tou paske genyen yon koutim kote sosyete a meprize moun ki enfim yo. Nan yon atik Miami Herald nan Miami te pibliye an 2009, yo te dokimante kijan anpil paran timoun ki enfim yo te abandone yo souvan nan yon pati nan lopital jeneral la. Lopita la pa gen kote pou yo kenbe timoun sa yo, men kòm timoun yo sa yo pa gen lòt kote pou yo ale, yo rete ap soufri nan lopital la. Gwoup ki konsène sou koze sa, toujou sipliye gouvènman ayisyen an fasilite e ankouraje adopsyon timoun sa yo pou yo gen yon opòtinite yo aprann epi viv yon lavi nòmral.

27. Kòm Ayiti siyen Konvansyon sa a, gouvènman Ayiti a gen obligasyon pou li anpeche ke yo abandone timoun enfim yo, e pou asire ke si timoun sa yo abandone, yo ke seswa yo jwenn paran adoptif oubyen yo gen yon lòt fanmi dakèy. Malrezman, gouvènman an pa gen on pwogram ki garanti sa yo, ni li pa gen yon pwogram pou edike paran sa yo pou yo pa abandone timoun sa yo. Malgre tou, gen kèk pwogrè ki fèt. Pa ekzanp, an 2007 prezidan an te siyen on dekrè prezidansyèl ki gen pou misyon pou li travay sou prevansyon ak entegrasyon andikape yo. Yo rele biwo sa Sekretè Deta pou Entegrasyon Moun Andikape (SDEMA and kreyòl, SEIPH an franse).
28. Pou reponn a tranbleman an, gwoup ki fè pledwaye pou moun andikape, ouvè yon pou moun ki gen omwen yon manm nan fanmi yo ki enfim. Nou te fè yon ti visit nan yon kan ki rele SOHAMO ki vle di Solidarite pou Andikape Motè. Daprè responsab kan sa, yo kolabore pafwa avèk Sekretè Deta a ki ba yo fòmasyon sou prevansyon kolera epi lediskasyon sou dwa moun andikape. Lè nou pale ak kèk paran nan kan sila, yo rakonte nou difikile yo genyen pou yo mennen timoun yo lekòl. Yon manman an patikilye te pale de on ti gason li ki genyen 5 lane ki te pèdi pye gòch li apre tranbleman an. Li eksplike ke li oblije pote timoun nan chak pou li Mennen li lekòl paske li paka mache sou beki li genyen an.
29. Non sèlman li difisil pou timoun ki enfim al lekòl, men lekòl yo pa bati nan fason pou bay timoun sa yo aksè. Menm si majorite lekòl an Ayiti se lekòl prive, done yo montre ke menm lekòl leta yo pran timoun enfim sa yo an konsiderasyon. Jou ki te 5 Me 2010 la, Chanm Depite yo te vote yon pwojè lalaw pou entegrasyon moun ki gen yon andikap, epi yo te voye lwa a bay Sena a pou li ratifye. Men jiska prezan, Sena a poko ratifye li. Fòk gouvènman an bay chanm sena a presyon pou li pase lwa sila.

d. Timoun An Konfli ak Lalwa

30. Atik 40 nan CRC an etabli yon minimòm laj key o asime ke yon timoun pa gen kapasite pou vyole lalwa penal. Kòd Penal Ayiti peyi a di ke timoun ki poko gen 16 zan pa sipoze ale nan prison. Sepandan, gen anpil ka timoun kote ke timoun ki gen mwens pase 16 zan te nan anprizone. Enstiti pou Jistis ak Demokrasi an Ayiti (IJDH) te pibliye yon etid kote yo te jwen ke:
31. Nan tan entèvyou a, te gen 22 prizonye ki te pi piti ke 18 an, laj pou on moun majè an Ayiti. Lè yo fè plis analiz, done yo revele ke 27 prizonye te minè nan moman yo te arete, sa vle di ke senk (5) nan yo te vin gen 18 an pandan yon an prizon an. Malgre lalwa ayisyen entèdi detansyon timoun ki pi piti pase 16, echantiyon an enkli youn kit e gen 13 zan, 14 zan, e de kit e genyen 15 zan. Anplis, yo pat separe minè sa y oak granmoun yo, jan trete entènasyonal anba Konvansyon Ameriken sou Dwa Moun mande.
32. Atik 50 nan Kòd Penal ayisyen di ke lè yon timoun plis ke 13 zan men mwens ke 16 zan vyole lalwa, lajistis ap senpleman avèti oswa bay paran li, gadyen li, moun ki responsab li oswa voye'l nan nenpòt lòt enstitisyon pou ratrapaj, edikasyon, konsa yo kapab resevwa yon edikasyon moral, sivik, pwofesyonèl pou kantite ane ki ofans lan

jije bezwen. Nan etid la IJDH la, yo te jwenn ke detansyon prevantif konte pou 22.2% nan arestasyon yo.

33. Detansyon prevantif se yon gwo vyolasyon dwa timoun yo dapre sa ni lalwa Ayisyen, ni lalwa entènasyonal entèdi. Palman an sipoze pase yon kòd timoun ki Sepandan, enstitisyon sa yo ke lalwa egzije dapre kòd penal la, pa egziste. Sa vle di, mine ke yo akize pou yon krim, yo mete yo nan prizon e souvan nan detansyon prevantif san yo pa janm parèt devan yon jij. Fòk gouvènman an pran mezi pou timoun wè yon jij imedyatman lè yo arete yo.

IV. REKÒMANDASYON

- Siyen 2 pwotokòl ki atache nan Konvansyon sou Dwa timoun yo.
- Ankouraje Palman Ayisyen an yo pase yon kòd timoun
- **Sou sijè trafike timoun:**
 - Pase yon lwa imedyatman ki di ke trafike timoun se yon krim.
 - Pote plis sipèvizyon sou fwontyè Ayiti/Sen Domeng lan
 - Asire ke chak timoun Ayisyen gen batistè, e ke lalwa rekonèt yo kòm moun.
- **Sou sijè timoun ki nan konfli avèk lalwa:**
 - Aplike egzijans la lwa ki mande pou Ayiti gen omwen 3 tribinal timoun nan tout peyi an.
 - Asire ke timoun yo te arete yo parèt devan yon jij pou ya pa rete nan detansyon prevantif
 - Devlope metòd altènatif pou mete timoun ki an konfli ak lalwa e konsantre plis sou reyabilitasyon, e mwens sou pinisyon.
- **Sou sijè vyolans seksyèl :**
 - Mete pòs polis nan kan yo. Epi fè patwouy lapolis regilye nan kan yo, pou asire ke deplase yo santi yo an sekirite epi pou yo ka gen konfyans ke lapolis ap fè travay li.
 - Fè pi bon fòmasyon pou polisye yo ka reponn a viktim vyolans seksyèl. Bay plis fanm polisye travay ak tifi ki viktim vyolans seksyèl.
 - Aprann polisye fason pou yo mennen ankèt efikas lè yon viktim vyòl pote soti yon plent.
- **Sou sijè timoun andikape:**
 - Ayiti dwe siyen Konvansyon Entè-Ameriken pou eliminasyon tout fòm diskriminasyon kont moun ki gen andikap.
 - Finansye kanpay edikasyon Sekretè Deta pou moun Andikape yo, pou yo edike piblik la nan lang ki apwopriye pou yo itilize lè yo ap adrese timoun ki andikape.
 - Mande pou nouvo Sena a vote lejislasyon konsènan Andikape yo ke Chanm Depite a pase ane pase a.
 - Asire ke tout lekòl piblik yo pran an konsiderasyon aksè pou timoun ki gen andikap mantal ak fizik.